

# KIYÈS SA?

---

Nan tribinal kriminèl



---

**Gen anpil chans pou w wè anpil moun  
diferan. Gid sa a eksplike kisa travay  
yo ye.**

**Gen yon seksyon nan do a kote ou  
kapab ekri non ak nimewo kontak  
enpòtan yo.**

**Epitou gen kèk konsèy sou kisa ou gen  
pou fè si w gen pou w ale nan tribinal,  
ak kèk enfòmasyon sou dwa w yo.**

---



## **LAPOLIS**

Travay yon polisye se pou li fè respekte lalwa ak pou pwoteje sekirite piblik. Lè yon moun sinyale yon krim, lapolis fè yon ankèt, li gen ladan I poze viktim yo kesyon (moun yo te fè yon mal) ak temwen yo (moun ki te wè oswa te tandé oswa moun ki gen enfòmasyon konsènan krim nan), pou konnen sa k te pase a. Pafwa yo arete moun yo panse ki pa respekte lalwa. Nan kad envestigasyon yo an, yo ka poze w kesyon sou sa w te wè, tandé, oswa eksperyans ou te fè.

## **AVOKA VIKTIM NAN**

Travay defansè dwa viktim nan se pou l ede w. Ou kapab poze yo tout kesyon konsènan dosye a ak sa k pral pase, li gen ladan l bagay ki fè w enkyè oswa ki boulvèse w. Epitou yo kapab bay yon sipò emosyonèl, enfòmasyon, èd pou jwenn koneksyon avèk lòt sèvis ak planifye sekirite w.

Yo kapab defann kòz ou bò kote lòt adilt ki konsène nan dosye a, sa vle di yo kapab defann ou tou. Si w gen pou w ale nan tribinal, yo ka ale avèk ou pou ba w sipò, si w vle yo vini.

Si w pa gen yon defansè dwa pou viktim epi ou ta renmen gen youn (1), mande youn (1) nan adilt ki enplike nan dosye ou a sou fason ou kapab jwenn youn.



## **AKIZE A**

Si lapolis arete yon moun yo kwè ki pa respekte lalwa, yo rele moun sa a “Akize” nan dosye a paske li gen chans pou l defann tèt li nan tribunal la. Pafwa yo konn rele yo “koupab” tou.

**Kiyès ki akize nan dosye ou a?**



## JIJ LA

Jij la se moun ki responsab sal lodyans lan. Yo tande tout moun nan tribunal la, epi yo asire yo tout moun respekte règleman tribunal la. Lè gen yon jiri, jiri a deside si moun nan koupab oswa non koupab. Lè pa gen yon jiri, jij la deside. Si yo jwenn yon moun koupab, jij la ap deside sou “santans,” lan oswa kisa moun nan dwe fè aprè.

## **JIRI**

Jiri a fèt avèk manm kominote a, yo la pou tandé tout enfòmasyon ki prezante nan tribunal la epi deside si gen ase prèv ki montre akize a fè krim yo akize l “koupab” oswa “pa koupab”. Si ou temwanye nan tribunal, yo pral tandé kisa ou gen pou di pou yo deside.





## PWOKIRÈ

Pwokirè yo (pafwa yo rele yo “Avoka Distri” (DA) se avoka ki reprezante kominote an. Si yon moun pa respekte lalwa oswa li te mete yon lòt moun an danje, travay pwokirè a se pou l fè li sispann konsa tout moun ap an sekirite.

Yo deside si yo dwe kontinye (oswa “pousuiv”) yon dosye. Yo ka poze w kesyon konsènan eksperyans ou konsa yo kapab konprann sa k te pase a. Si dosye a ale nan tribinal, yo pral eseye konvenk jiri oswa jij la akize a koupab. Si yo mande w pou temwanye, yo ka poze w kesyon ankò nan tribinal la konsa jij ak jiri a kapab tandem w dirèkteman. Menm si pwokirè a ka travay sou dosye ou a yo pa la pou fè avoka w.



## AVOKA DEFANS LAN

Avoka defans lan se avoka moun yo akize a epi l ap travay sèlman pou li. Li pral poze temwen yo kesyon epi li reprezante akize a nan tribunal la. Travay yo se pou ede akize a. Ozetazini, chak akize gen dwa pou yo gen yon avoka.



## OFISYE LAJISTIS

Ofisye Lajistis la asire l tout moun nan tribunal la an sekirite. Li ka ale nan sal lodyans lan avèk yon temwen pou sipòte yo.



## GREFYE A

Travay grefye a se pou li ekri tout sa moun yo ap di nan sal lodyans lan. Li kapab gen yon aparèy pou anregistre sa moun ap di.



## ENTÈPRÈT

Si yon moun nan tribinal la pa pale oswa pa konprann anglè byen, oswa si li soud oswa si li genyen difikilte pou tandem, tribinal la bay entèprèt pou ede yo.

Si ou bezwen yon entèprèt, mande defansè dwa pou viktim ou a oswa youn (1) nan adilt ki sou dosye ou a sou fason pou w jwenn youn (1).



## **OFISYE PWOBASYON (PROBATION OFFICER)**

Lè yo rekonèt yon moun koupab pou yon krim men yo pa voye l nan prizon, jeneralman yo konn ba li règleman li dwe suiv nan kad “pwobasyon li an.” Travay ofisye pwobasyon an se pou li rankontre avèk yo pou asire l yo fè bagay sa yo.



## **OFISYE KONTWOLÈ LAJISTIS (PAROLE OFFICER)**

Lè yo lage yon moun nan prizon, li ka gen pou rankontre yon ofisye pwobasyon regilyèman, ki asire l yo suiv tout règleman yo epi yo fè tout bagay tribinal la mande pou yo fè.

## **VIKTIM**

Yon viktim se yon moun yo te fè yon mal pandan yon krim.

## **TEMWEN**

Yon temwen se yon moun ki te wè oswa ki te tandé yon krim, oswa ki gen enfòmasyon sou sa k te pase a.




## OU MENM



Istwa w la se yon (1) pyès nan jwèt puzzle la.  
Travay ou se pou w prezante, reponn kesyon epi di  
sa w konnen ak sa w sonje sou sa k te pase a.

## SAL LODYANS LAN.

Anpil nan moun sa yo travay nan tribinal la.  
Nan kèk sitiyasyon, ou ka gen pou w ale nan  
tribinal tou.

Li kapab ede w konprann kiyès k ap la ak ki kote l  
ap chita. Mande avoka ou a, defansè dwa ou, youn  
(1) nan adilt k ap travay avèk ou sou dosye a pou l  
montre w pandan l ap itilize desen anba a.





## FÈ FAS AVÈK TRIBINAL LA.

**Ale nan tribunal kapab estresan, men gen kèk bagay ou kapab fè pou santi w gen yon ti kontwòl. Konsèy sa yo sòti nan men lòt adolesan, yo te di ki bagay ki te ede yo plis.**

### Prepare w.

- Nan nuit lavèy jou an an eseye byen dòmi.
- Manje yon bagay anvan w ale nan tribunal la. Lap ede w santi w pi byen ak jwenn enèji pou pase jounen an.
- Ou pa gen pou w mete gwo abiman, men mete yon bagay ki fè w byen si w kapab. Yon bagay ki fè w santi w byen epi ki ede w gen konfyans nan tèt ou.
- Gen anpil chans pou w rete tann anpil, poutèt sa pote yon bagay pou w li, jwe, oswa pou w fè pandan w ap tann. Kèk adolesan sigjere pou tande mizik, li, desine, ekri nan yon jounal, oswa fè devwa.
- Si w gen yon bagay espesyal ki ede w santi w kalm, vini avè l. Gen kèk adolesan ki renmen bagay tankou yon boul antistrès yo kapab

peze, men gen lòt moun ki renmen bagay ki pi pèsonèl tankou yon bagay ki bay chans.

---

## Lè w estrese

Si w santi w estrese, eseye youn (1) nan bagay sa yo:

- Eseye desine kòman ou ta vle jounen an pase, ak kòman w ap reyaji si gen diferan bagay ki pase. Li ka parèt san sans, men imajine kòman bagay yo pral pase kapab ede w santi w kalm.
  - Pandan plizyè fwa eseye rale yon gwo souf ak lage souf ou, santi l nan vant ou. Sa vrèman ede!
  - Kontrakte misk yo epi relache yo. Fè sa a plizyè fwa.
  - Si w kapab, fè yon ti mache oswa souke kò w pou w evakye kèk enèji anplis. Ou kapab eseye mache trè vit pandan kèk segonn, aprèsa pran yon gwo souf epi mache trè dousman pandan kèk segonn, aprèsa ale vit aprè ale dousman, rapid aprèsa dousman kèk fwa ankò.
  - Si w gen yon priyè oswa yon chante espesyal ki enpòtan pou ou, eseye di l oswa chante l, swa byen fò, oswa nan tèt ou.
-

## **Jwenn sipò**

- Panse ak yon moun ou kapab pale sou sa w santi a epi ki kapab ede w nan tribinal la.
  - Èske gen yon defansè dwa w, zanmi, oswa yon manm fanmi ki kapab vini nan tribinal la? Si w gen moun avè w, ou kapab gade yo lè ou santi w estrese.
  - Si w gen yon terapis pale avèk li anvan ak aprè tribinal la.
- 

## **Travèse move moman an.**

Li kapab bon pou w fè yon bagay ki fè w plezi lè li fini, tankou gade yon fim ou renmen, yon manje ou renmen, oswa annik pase tan avèk yon zanmi. Panse ak yon bagay w ap tann ak enpasyans.



## OU GEN DWA!

**Èske ou te konnen si w enplike nan yon dosye ki ap pase devan tribunal kriminèl nenpòt kote nan Etazini, ou gen dwa? Pa pè mande yo.**

Ou ka gen dwa diferan, selon wòl ou nan dosye a.

Si ou te wè, tande, oswa konnen yon bagay konsènan yon krim ki se yon pati nan dosye a, ou se yon temwen. Si yo te fè w mal nan yon krim ki se yon pati nan dosye a, ou se yon viktim krim nan, epi ou se yon temwen tou.

---

## DWA OU GENYEN NAN TOULÈDE KA YO:

Ou gen dwa pou yo trete w avèk respè.

Ou gen dwa pou santi w an sekirite.

- Pèsòn pa gen dwa pou fè w pè pou di (oswa pou w pa di) yon bagay nan tribunal la oswa pou konvenk ou pou w pa rele lapolis oswa ale nan tribunal. Bagay sa yo kont lalwa epi gen konsekans si yon moun fè sa.

- Si sa rive, oswa si yon moun eseye pale avè w sou dosye lè w pa nan tribunal la yon fason pou mete w malalèz, di defansè dwa w la ou a oswa avoka ki sou dosye a sa tousuit.
- Ou gen dwa pou w gen pwoteksyon ki pou ede w santi w an sekirite. Selon sitiyasyon, yo kapab gen ladan l:
  - Yon eskòt polisye pou lè ou prale nan tribunal la ak lè w ap retounen lakay ou.
  - Yon “Òdonans Pwoteksyon” (Order of Protection) ki entèdi moun yo akize pou krim lan pale avè w oswa ale lakay ou oswa nan lekòl ou.
  - Mezi k ap ede ou plis an sekirite lakay ou, tankou chanje seri yo.
  - Ede w jwenn yon kote ki san danje pou w viv

---

## **SELON KOTE W AP VIV LA, OU KAPAB MENM GEN PLIS DWA!**

Si w gen kesyon, oswa si dwa w yo pa respekte, pale tousuit avèk defansè dwa ou a, pwokirè, oswa youn (1) nan lòt adilt k ap travay sou dosye ou a.

## DWA VIKTIM YO

**Si ou se yon viktim, ou gen dwa anplis.**

Ou gen dwa pou...

### **1. ...yo tandé vwa w epi di sa k te pase w.**

Li ka mande pou w fè yon “deklarasyon enpak sou viktim” ki pral pèmèt moun yo pran yon desizyon konsènan dosye a pou yo konnen kòman sa k te pase a te afekte w.

### **2. ...konprann sa k ap pase ak kisa pwochen etap yo ye.**

...Li gen ladan I konnen kiyès ki enplike nan dosye ou a ak ki kalte èd ak resous ou kapab jwenn.

Sa vle di ou gen kapab poze valè kesyon ou vle jiskaske ou konprann.

### **3. ...konprann sa a moun ki enplike nan dosye ou a ap di ak fè.**

Si w vle pale nan yon lòt lang, fè defansè dwa ou a konn sa. Ou kapab mande yon entèprèt oswa pou yo tradui dokiman enpòtan yo nan lang ou a.

Si w gen yon andikap, oswa w gen yon bagay ki fè li difisil pou konprann sa k ap pase a, di

defansè dwa ou ou sa tousuit! Ou gen dwa pou w gen yon entèprèt ki pou ede w konprann kisa moun yo ap di nan tribinal la ak lòt reyinyon yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon gade nan seksyon konsènan andikap yo ki nan pwochen paj la.

#### **4. ...resevwa Mizajou sou dosye ou a.**

Mande defansè dwa ou ak avoka yo pou yo mete w okouran sou sa k ap pase nan tribinal la ak sou nenpòt desizyon yo pran.

#### **5. ...ale nan tout lodyans ak pwosedi jidisyè si w vle.**

Dosye yo kapab pran anpil tan epi ou pa oblige ale nan chak lodyans. Men si w vle ale, ou kapab.

#### **6. ...vi prive.**

Sa a vle di nan pifò dosye yo, tribinal la pa kapab pataje enfòmasyon pèsonèl ou tankou non w ak adrès ou.

Epitou li vle di ou pa gen pou w pale ak pèsòn ki pa nan sistèm jidisyè a konsènan sa k te pase a si w pa vle.

#### **7. ...fè demann lajan pou kouvri frè ki gen rapò ak sa k te pase a.**

Frè ki kapab kouvri yo gen ladan I (men li pa limite ak) bagay tankou konsèy, fakti

(bil lopital) medikal ak pati ou peye pou asirans lan, asirans pou tretman, depans pou demenajman, depans pou antèman, ak salè ou pèdi akoz ou manke travay.

Pou w kalifye w ap gen pou reponn ak kèk egzijans, poutèt sa pale avèk avoka oswa pwokirè a konsènan demann nan.

Si yo apwouve l, w ap gen pou bay resi pou yo ranbouse w. Ou p ap jwenn lajan an alavans.

## **8. ...yon pwosè rapid.**

Pwosedi jidisyè a gen plizyè etap epi sa yo konsidere tankou “rapid” ka pran plis tan passe sa w panse a. Tout pwosesis la kapab pran yon ane oswa plis.

## **9. ...yo dwe remèt ou tout bagay yo te pran pou dosye a.**

Si yo te pran bagay ou yo kòm prèv, li ka pran plis tan pou yo remèt ou yo.

---

## **SELON KOTE W AP VIV LA, OU KAPAB MENM GEN PLIS DWA!**

Si w gen kesyon, oswa si dwa w yo pa respekte, pale tousuit avèk defansè dwa ou a, pwokirè, oswa youn (1) nan lòt adilt k ap travay sou dosye ou a.

## **Si w gen yon andikap...**

Ou TOUJOU gen dwa pou w konprann sa k ap pase avèk dosye ou a epi konnen kisa moun k ap travay sou dosye a ap di ak fè. Ou toujou gen dwa pou w eksprime sa k te pase ak kòman ou santi w tou. Sa vle di ou kapab jwenn sipò konsa moun yo kapab konprann ou.

Ou dwe toujou kapab ale nan tribinal la (ak nan alantou yo) oswa nenpòt lòt kote ou dwe ale pou yon reyinyon.

Enfòme moun k ap travay sou dosye ou a – tankou defansè dwa ou ou a, avoka yo, ak jij la – mete yo okouran sou andikap ou a epi poukisa ou bezwen èd tousuit. Defansè dwa ou a ka bezwen fè yon demann èd separe pou chak dat ak reyinyon nan tribinal la, poutèt sa ou pa bezwen pè kontinye mande!

**Ou kapab mande èd pou w reponn ak bezwen w yo. Ou gen dwa sa a selon lalwa, epi ou kapab di ou bezwen yon “aranjman rezonab.”**

Egzanp yo gen ladan yo (men yo pa limite ak):

- Yon entèprèt nan lang siy (pou lang siy ki pa ameriken, mande pou yon entèprèt sètifye pou moun soud, yo rele yo CDI tou).

- Yon entèprèt ki kapab tape tout sa k ap di pou ou (yo rele li Aksè ak komunikasyon nan tan reyèl oswa sèvis Communication Access Real Time, CART.)
- Yon transliteratè pou asire w moun ki nan alantou w konprann sa w gen pou di yo.
- Diferan kalte èd tankou aparèy pou tande, vidyeo ak soutit, ak èd vizyèl.
- Aksè ak chèz woulant oswa aksesibilite pou nenpòt kalte andikap fizik.

Gen anpil lòt aranjman ou kapab mande ki pa sou lis sa a! Pale avèk defansè dwa ou ou a pou jwenn sa k bon pou ou a. Epi pa pè mande.

Si paran w oswa responsab legal ou a gen yon andikap, yo gen dwa pou mande yon aranjman rezonab tou!

## KIYÈS KI KIYÈS?

Si w vle, ou kapab suiv moun k ap travay sou dosye ou a la.

## OFISYE LAPOLIS

Non:

Enfòmasyon Kontak:

## PWOKIRÈ:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

## DEFANSÈ DWA VIKTIM:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

## JIJ:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

## TRAVAYÈ SÈVIS SOSYAL/TERAPIS:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

## LÒT:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Pwojè ki rele Materyèl pou Timoun ki Temwen nan Sant pou Inovasyon nan Tribunal (Center for Court Innovation's Child Witness Materials) se yon kolaborasyon ant Sant pou Inovasyon nan Tribunal ak Sant pou Pedagoji Iben (Center for Urban Pedagogy), epi se akò pou kowoperasyon #2016-VF-GX-K011, Etazini akòde k ap sipòte I. Depatman Jistis, Biwo pou pwogram Jistis, Biwo pou viktim krim. Opinyon, rezulta, ak konklyzion oswa rekòmandasyon ki eksprime nan dokiman sa a sòti nan kontribitè sa yo epi li pa nesesèman reprezante pozisyon ofisyèl oswa politik Etazini. Depatman Jistis.

Sant pou Inovasyon Jidisyè (Center for Court Innovation) travay pou kreyasyon yon sistèm jidisyè pi efikas ak imen pandan l ap fè rechèch orijinal ak ede lanse refòm toupatou nan mond la.

#### [www.courtinnovation.org](http://www.courtinnovation.org)

Sant pou Pedagoji Iben se yon òganizasyon san bi likratif ki itilize pouvwa desen ak zèv da pou ogmante yon angajman sivik ki enpòtan, nan patenarya avèk kominate ki istorikman majinalize.

#### [www.welcometoCUP.org](http://www.welcometoCUP.org)

Ilistrasyon: Ryan Hartley-Smith

Desen: Anabelle Pang

Sant poun Inovasyon nan Tribunal la rekonesan pou moun ki patnè pwojè a ak pati ki enterese yo; ak timoun, responsab swen, ak moun ki ap patisipe nan sistèm jistis toupatou nan peyi a ki kontribye nan devlopman pwodui sa a.

#### NCJ 300651

Biwo pou viktim kriminalite angaje l pou li ranfòse kapasite nasyon an pou ede viktim krim yo ak bay yon lidèchip nan chanjman atitud, politik, ak pratik yo pou li fè pwomosyon jistis ak gerizon pou tout viktim krim yo.

#### [www.ovc.ojp.gov](http://www.ovc.ojp.gov)

Biwo pou Pwogram Jistis la se yon ajans federal ki bay lidèchip federal, sibvansyon, fòmasyon, asistans teknik, ak lòt resous pou ogmante kapasite nasyon an pou prevwa ak redui krim, asiste viktim yo, epi amelyore eta de dwa pandan l ap ranfòse sistèm jistis penal ak pou jenn yo. Sis (6) biwo ki nan pwogram la—Biwo pou Asistans Jidisyè, Biwo pou Estatistik Jidisyè, Enstiti Nasyonal pou Jistis, Biwo pou Victim Krim, Biwo Jistis pou Jenn ak Prevansyon Delenkans, ak Biwo ki la pou Detèmine Santans Delenkan Seksyèl yo, siveye, arete, anregistre ak suiv yo—sipòte efò k ap fèt pou goumen kont kriminalite nan nivo lokal ak nan Eta a, finanse milye pwogram sèvis pou viktim, ede kominate yo jere delenkan seksyèl, reponn ak bezwen jenn yo nan sistèm la ak timoun ki an danje yo, ak bay done ak rechèch ki vital.



Office for Victims of Crime  
**OVC**







